**दिन—गुरूवार** **दिनांक—08.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्यसभा मे आइ विपक्षी दल पेरिस ओलंपिक मे भारतीय पहलवान विनेश फोगाट के आयोगय ठहरेबाब मुद्दा पर वाक आउट कयलनि। सदन शुरू होयतहि नेता प्रतिपक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे ई मुद्दा उठौलनि एकर बाद विपक्षी उच्च सदन से वॉक आउट कऽ देलनि। सभापति जगदीप धनखड़ विपक्षक आचरण के निंदा कयलनि।

———————————————

एम्हर, पेरिस ओलंपिक में अयोग्य घोषित कयल गेलाक बाद विनेश फोगाट खेल सँ सन्यास लेबाक घोषणा कयलनि अछि। ओ सोशल मीडिया पर ई जनतब दैत अपन माई सँ माफी मांगलनि अछि। विनेश फोगाट स्वर्ण पदकक पचास किलो वर्ग मे खेलल जायवला फाइनल मोकाबिला सँ पहिने करीब सय ग्राम भार बेसी भेलाक कारण अयोग्य घोषित कऽ देल गेल छलीह।

———————————————

केन्द्रीय श्रम आओर रोजगार मंत्री मनसुख मांडविया जनौलनि अछि जे सरकार रोजगार सृजन लेल पन्द्रह योजना चला रहल अछि। जाही सँ बेरोजगारी दर छओ प्रतिशत सँ घटि कऽ आब तीन दशमलव दू प्रतिशत रहि गेल अछि। राज्यसभा मे श्री मांडविया एक प्रश्नक जवाब दऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार सोलह मे योजना शुरू भेलाक पश्चात प्रधानमंत्री रोजगार प्रोत्साहन योजना मे एक करोड़ एकैस लाख लोकसभ के रोजगार भेटल छनि। श्री मांडविया जनौलनि जे मुद्रा योजना मे अठारह करोड़ उनतीस लाख टाकाक ऋण स्वीकृत कयल गेल आओर उनचास करोड़ लोकसभ के एहि सँ मददि भेटल अछि।

———————————————

सूक्ष्म, लघु आओर मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी जनौलनि अछि जे उद्यम पोर्टल, पीएम विश्वकर्मा योजना आओर लघु, सूक्ष्म आओर मध्यम–एम.एस.एम.ई क्षेत्र मे कतेको माध्यम सँ बीस करोड़ रोजगारक अवसरि बनल अछि। लोकसभा मे प्रश्नकालक बीच एक पूरक प्रश्नक उत्तर दैत श्री मांझी जनौलनि जे मंत्रालयक उद्यम पोर्टल पर असगरे चारि करोड़ आठ लाख लोकसभ पंजीकृत भेल छथि। ओ जनौलनि जे मंत्रालय क्रेडिट गारंटी, आत्मनिर्भर योजना आओर आनो–आन श्रोत सँ देश मे रोजगारक नव अवसरि बढ़ेबाक प्रयास कऽ रहल अछि। मंत्री जनौलनि जे रोजगार सृजन लेल महिला आओर युवासभ पर विशेष जोर देल जा रहल अछि।

———————————————————

वित्त वर्ष दू हजार चौबीस–पचीस लेल अपन तेसर द्विमासिक समितिक बैसार मे भारतीय रिजर्व बैंक–आरबीआई चालू वित्तीय वर्ष लेल वास्तविक सकल घरेलू उत्पाद–जीडीपी वृद्धि पूर्वानुमान के सात दशमलव दू प्रतिशत पर यथावत रखलक। भारतीय रिजर्व बैंकक गवर्नर शक्तिकांत दास जनौलनि जे मौद्रिक नीति समिति छओ मे सँ चारि सदस्यक बहुमत सँ रेपो रेट के छओ दशमलव पाँच प्रतिशत पर राखबाक निर्णय कयलक अछि।

———————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर जनौलनि जे किसान सभ खेतीक संग–संग मशरूम उपजा कऽ अपन आर्थिक स्थिति के आओरो बढ़िया बना सकैत छथि। ओ आइ समस्तीपुरक पूसाक डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद केन्द्रीय कृषि विश्वविद्यालय सभागार मे आयोजित पन्द्रह दिवसीय मशरूम उत्पादन आओर प्रसंस्करण प्रशिक्षण कार्यक्रमक समापन समारोह के सम्बोधित कऽ रहल छलाह। श्री आर्लेकर जनौलनि जे ई कृषि विश्वविद्यालयक माध्यम सँ गोवा मे सेहो मशरूम उत्पादन–प्रशिक्षण केन्द्र खोलल जायत जाहि सँ ओहि ठामक लोकसभ सेहो प्रशिक्षण पाबि कऽ मशरूम बढ़िया ढंग सँ उपजा सकय।

———————————————————

पर्यटन विभाग मिथिलाक लोककवि विद्यापतिक जन्म स्थली मधुबनी जिलाक बिस्फी गामक विकास लेल उनैस करोड़ नबे लाख टाका देलक अछि। पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्र ई जनतब देलनि अछि। ओ जनौलनि जे आबयवला समय मे विद्यापति सँ जुड़ल आनो–आन स्थलक सेहो विकास कयल जायत।

———————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच खगड़ियाक बेलदौड़ मे, सभ सँ बेसी तिहत्तरि दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे अररिया, किशनगंज आओर पूर्णियां जिला मे एक दू ठाम झमाझम बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे एक दू ठाम हल्लूक बारिशक आओर मेघगर्जक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बारिशक कारण गंगा, कोसी, गंडक, बुढ़ी गंडक, बागमती आओर परमान नदीक जलस्तर बढि रहल अछि। पटना मे गंगानदीक जलस्तर तेज गति सँ बढि रहल अछि, जाहि सँ प्रशासन गंगा नदी मे नाउक परिचालन पर रोक लगा देलक अछि। अररिया मे परमान सहित कतेको नदी उफान पर अछि। सीतामढत्री मे बागमती नदीक जलस्तर सोनाखान, डुब्बाघाट करोभिगा मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

—————————————————————

बेगूसराय आओर मोकामाक बीच गंगा नदी पर बनल राजेन्द्र सेतु पर सड़क मरम्मतिक काज चलि रहल अछि। जाही सँ आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि आवाजाही बंद रहत।

—————————————————————

अररिया व्यवहार न्यायालय बारह वर्ष पहिने एम.डी.एमक दू क्विंटल चाउर गबन करबाक मामिला मे दोषी प्रणव कुमान आओर भरगामा उत्क्रमित मध्य विद्यालयक एक प्रधानाध्यपक के तीन सालक सजाक संग दस–दस हजार टाकाक अर्थदंड लगौलक अछि।

—————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार ककोलतक सौन्द्रर्यीकरण मे बढ़िया काज करबाक लेल नवादाक वन प्रमंडल पदाधिकारी संजीव रंजन के प्रशस्ति पत्र दऽकऽ सम्मानित कयलनि। मौका पर वन आ पर्यावरण मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार सेहो छलाह।

—————————————————————

समाप्त